



Pou Piblikasyon Imedya: 17/04/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YO ADMINISTRE PLIS PASE 13 MILYON DÒZ VAKSEN KONT COVID-19 NAN ETA NEW YORK

Yo administre 249,255 dòz nan dènye 24 èdtan yo

Yo te bay prèske 1.5 milyon dòz pandan sèt jou pase yo

Jiskaprezan yo administre plis pase 3 milyon dòz nan sit vaksinasyon an mas Eta New York ap jere an patenarya avèk FEMA a

Tablodbò Vaksen an te mete ajou chak jou sou pwogram vaksinasyon eta a; ale sou ny.gov/vaccinetracker

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a yo te administre plis pase 13 milyon dòz vaksen kont COVID-19 nan Eta New York. Yo te bay 249,255 dòz nan tout gwo rezo distribisyon eta a nan dènye 24 èdtan yo, epi yo te bay prèske 1.5 milyon dòz nan sèt dènye jou yo. Jiskaprezan, yo administre plis pase 3 milyon dòz atravè sit vaksinasyon an mas Eta New York ap jere an patenarya avèk FEMA a

"Gras ak pwofesyonèl sante devwe nou yo ak efikasite rezo distribisyon solid nou an, misyon nou pou nou fè chak moun pran vaksen an rapidman epi yon fason ki ekitab la kontinye rete yon siksè", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Pandan nou ap kontinye obsèvè pwogrè regilye nan pouvantaj vaksinasyon nou an nan tout Eta a epi plis pase 40 pouzan Nouyòkè te resevwa omwen yon dòz, nou pa kapab pèmèt nou vini konplezan oswa konfòtab. Viris la toujou avèk nou, epi nou bezwen rete an avans sou pouvantaj enfeksyon an dekwa pou nou kapab kontinye pwogrè nou travay di pou nou reyalize a. Li enperatif poutètsa pou nou rete vijilan, epi mwen ankouraje tout moun ki pa ko pwograme yon randevou vaksinasyon pou yo fè sa rapidman."

Gwo rezo distribisyon ak gran kantite popilasyon moun ki elijib yo nan New York lajman depase kantite apwovizyonman ki soti nan men gouvènman federal la. Piske apwobizyonman an limite, nou ankouraje Nouyòkè yo pou yo rete pasyan e nou konseye yo pou yo pa prezante nan sit vaksinasyon yo san randevou.

Yo te mete zouti evalyasyon '[Am I Eligible](#)' (Èske Mwen Elijib) la ajou pou moun ki gen komòbidite ak pwoblèm ki akonpaye yo avèk novo randevou yo ki te pibliye sou yon baz kontinyèl pandan semèn k ap vini yo. Nouyòkè yo ka itilize sa ki annapre yo pou montre ke yo elijib:

- Lèt doktè, oswa
- Enfòmasyon medikal ki pwouve komòbidite a, oswa
- Sètifikasyon ki siyen

Chif pwogram vaksinasyon ki anba yo se pou dòz ki distribye epi livre nan New York pou pwogram vaksinasyon an, epi yo pa genyen ladan yo sa ki rezève pou pwogram Etablisman Swen Alontèm gouvènman federal la. Men yon repatisyon done sou baz kantite ki repòte bay Eta New York a 11 AM jodi a.

REPATISYON NAN TOUT ETA A

Total dòz yo administre - 13,122,020

Dòz total yo administre pandan 24 èdtan pase yo - 249,255

Dòz total yo administre pandan 7 jou pase yo - 1,452,849

Pousantaj Nouyòkè ki pran omwen yon dòz vaksen - 40.9%

Pousantaj Nouyòkè ki gen seri vaksen yo konplete - 27.6%

	Moun ki gen omwen yon dòz vaksen		Moun ki gen seri vaksen yo konplè	
Rejyon	Kimilatif Total	Ogmantasyon pandan dènye 24 èdtan	Kimilatif Total	Ogmantasyon pandan dènye 24 èdtan
Capital Region	479,646	8,639	337,224	6,011
Central New York	408,251	7,650	299,341	3,236
Finger Lakes	500,564	9,792	351,319	6,271
Long Island	988,914	13,070	628,658	16,486
Mid-Hudson	855,508	12,897	545,816	11,684
Mohawk Valley	200,632	4,221	146,233	2,345
New York City	3,734,991	65,786	2,483,628	57,775
North Country	195,837	1,430	156,700	2,220
Southern Tier	266,125	5,124	190,530	3,326
Western New York	536,325	6,724	371,863	8,043
Nan tout Eta a	8,166,793	135,333	5,511,312	117,397

	1ye dòz yo livre konplètman bay Founisè New York yo	2yèm dòz yo livre konplètman bay Founisè New York	TOTAL	KIMILATIF
Semèn 1 Dòz k ap vini nan dat 12/14 - 12/20	163,650	0	163,650	163,650
Semèn 2 Dòz k ap vini nan dat 12/21 - 12/27	452,125	0	452,125	615,775
Semèn 3 Dòz k ap vini nan dat 12/28 - 01/03	227,395	0	227,395	843,170
Semèn 4 Dòz k ap vini nan dat 01/04 - 01/10	239,025	165,150	404,175	1,247,345
Semèn 5 Dòz k ap vini nan dat 01/11 - 01/17	221,315	119,925	341,240	1,588,585
Semèn 6 Dòz k ap vini nan dat 01/18 - 01/24	250,400	462,395	712,795	2,301,380
Semèn 7 Dòz k ap vini nan dat 25/01 - 31/01	260,150	239,525	499,675	2,801,055
Semèn 8 Dòz k ap vini nan dat 01/02 - 07/02	321,850	220,720	542,570	3,343,625
Semèn 9 Dòz k ap vini nan dat 8/02 - 14/02	320,000	244,500	564,500	3,908,125
Semèn 10 Dòz k ap vini nan dat 2/15 - 2/21	356,990	265,525	622,515	4,530,640
Semèn 11 Dòz k ap vini nan dat 22/2 - 28/2	393,530	305,780	699,310	5,229,950
Semèn 12	1,020,660	290,500	1,311,160	6,541,110

Dòz k ap vini nan dat 01/03 - 07/03				
Semèn 13 Dòz k ap vini nan dat 03/08 - 03/14	618,880	526,415	1,145,295	7,686,405
Semèn 14 Dòz k ap vini nan dat 03/15 - 3/21	699,790	584,775	1,284,565	8,970,970
Semèn 15 Dòz k ap vini nan dat 03/22 - 3/28	828,000	737,080	1,565,080	10,536,050
Semèn 16 Dòz k ap vini nan dat 03/29 - 04/04	819,800	569,905	1,389,705	11,925,755
Semèn 17 Dòz k ap vini nan dat 04/05 - 04/12	1,068,455	658,770	1,727,225	13,652,980

Pou ou detèmine si ou elijib ak pran yon randevou nan yon sit vaksinasyon an mas Eta a jere, ou ka vizite sitwèb [Èske M Elijib \(Am I Eligible\)](#) la. Nouyòkè yo kapab rele depatman sante, famasi, doktè, oswa lopital lokal yo pou yo jwenn plis enfòmasyon ak pou yo pwograme randevou yo kote vaksen yo disponib.

[Tablodbò pou Swivi Vaksen Kont COVID-19](#) (COVID-19 Vaccine Tracker Dashboard) la disponib pou mete Nouyòkè yo ajou sou distribisyon vaksen COVID-19 la. Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la egzije etablisman k ap bay vaksen yo pou yo rapòte done pou tout vaksen kont COVID-19 yo bay nan yon delè 24 èdtan; done sou kantite vaksen yo bay yo ap ajou chak jou sou tablodbò a pou reflete mezi ki pi ajou yo nan kad efò vaksinasyon Eta a.

Nouyòkè ki sispèk fwod nan pwosesis distribisyon vaksen an ka rele kounye a nan 833-VAX-SCAM (833-829-7226) oswa voye imèl bay Depatman Sante a nan STOPVAXFRAUD@health.ny.gov. Anplwaye liy ijans yo ap achemine plent yo bay ajans envestigasyon ki apwopriye yo pou asire ke Nouyòkè yo pwofite de travay Eta a pou vaksinen tout popilasyon ki elijib a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)